



Australian Government

Department of Health

Ivyigwa kuri Australia yokura ku kiza ca COVID-19 cateye kiduga i Melbourne

Irwirirana ry'ibitigiri ry'ikiza ca COVID-19 mu turere twa Melbourne kirababaje cane, ariko kandi twariteze ibitigiri ko biba vyinshi. Ni icibutso gikomeye ku gihugu cose.

Ni ngirakamaro ko twiga ivyigwa bivuye kwiri rwirirana, canke na ho tuzohakwa kubona ibitigiri vyinshimuri Australia yose, bigashira mu kaga ibintu twashitseko tubanje kubira urwuya rwinshi mu kurwanya COVID-19.

Ubutumwa bukomeye nagomba gushimikirako ni uko, nubwo twashoboye kurwanya COVID-19, ntaturashika ahantu aho dusubira kuja kubaho ubuzima bwacu nk'uko twabaho muri Australia imbere yuko ikiza ca COVID-19 kibaho. Uwo mugera uracari kumwe natwe, kandi uzogumaho igihe kitari gito – kandi bibandanya gukomera mw'isi yose, nta gahengwe ico kiza gitanga.

Irwirirana ry'ico kiza muri Victoria cerekanye ingene gishobora kwaduka no kurandagata niyo tutabandanya gukurikiza uguhana inta hagati y'umuntu n'uwundi hamwe no kugira isuku, hamwe no kuguma mu muhira igihe turwaye. Vyongeye ni ukwibutsa akamaro ko gupakurura COVIDSafe app kugira ngo abajewe amagara y'abantu bashobore kumenya mu buryo bwihuta abantu begeranye n'uwanduye COVID-19.

Uko twihuta "kumenya abanduye izo ngwara" mu gutora abegeranye n'abo banduye, ni ko vyokwihuta gukinga uwo mugera nturandagate.

None twize iki kubijanye n'irwirirana ryiyo ngwara i Melbourne ? Igitigiri kitari gito c'abanduye bashasha cavanye n'ukuba hamwe kw'imiryango.

None ivyo bitubariye iki? Biboneka yuko abatari bake bo muri Australia badatahura yuko COVID-19 ishobora kuba ingwara ikomeye, mbere no mu bantu bazi neza – harimwo n'abagize umuryango.

Uko amategeko ya COVID-19 yatezuwe kandi abantu benshi bagashobora gukoranira hamwe mu mazu n'ahandi hantu bakoranira nko mu mazu y'uburaro n'uburiro, abantu bamwe bo muri Australia bahitamwo kudahana intambwe hagati y'umuntu n'uwundi. Ibi bishira mu kaga abandi, cane cane abageze mu za bukuru bo mu miryango bashobora kwandura vyoroshe COVID-19, co kimwe mbere no mu kibano kibakikuje.

Kubw'ivyo turabingana, nimba mugiyeye kubonana n'incuti n'abagenzi aho musangirira agacupa canke ikinyobwa canke ivyo mufungura muri ahantu canke mu muhira w'umuntu, raba neza ko mu bikoze mu mutekano ata kwanduzanya kandi mugumize hagati yanyu uguhana intambwe.

Ndabahimiriza guhanahana ubu butumwa buhambaye n'abagize umuryango, abagenzi, incuti, abazimyamuriro, hamwe no mu kibano ubamwo n'abo musangiye ivyashara n'ibikorwa.

Iryo rwirirana ryabaye muri Victoria ryongeye kutubarira yuko dukwiriye kubandanya dukora kugira ngo tubandanye dutanga ubutumwa nyamukuru bwo gukurikiza guhana intambwe hamwe no kugira



Australian Government

Department of Health

isuku hamwe no gupakurura COVIDSafe app, ku bibano aho Ikingereza atari rwo rurimi rwa mbere ruvugwa canke rwandikwa.

Utwigoro twinshi twaragizwe ku makominote ya bimukira kugira bagume bafise inkuru zigezweho kubera ikiza ca COVID-19 kiguma cyongera.

Nk'akarorero, inkuru zikomeye zo gufasha abantu, ingo hamwe n'ibikorwa kanaka vyarasobanuwe mu ndimi zishika kuri 63.

Harabayeho inkaratasi zidasanzwe zirenga 900,000 zivuga ku kiza ca *COVID-19 zitanga inkuru mu rurimi rwawe ku mbuga ngurukanabumenyi* guhera igihe ivyo vyatanguzwa.

Igisata c'intwano yo hagati mu gihugu ca Australia, biciye ku bakozi bakorera mu amakominote, carashizeho uburyo mu mirwi kanaka y'ikibano mu mico kama itandukanye incuro zirenga 4300 mu gihugu cose guhera mu ntango y'ico kiza.

Hejuru y'ibi, biragaragara yuko abantu batari bake bashobora kugira uruhagarara ku bijanye n'ugupimwa COVID-19 igihe bitari ngombwa ko babitinya. Reka rero mpumurize abantu ku bintu bibiri: gupimirwa kw'ivuriro rihabwa uburyo bwo gukora na reta muri Australia aho bapimira ibijanye n'uguhema ko bipimisha k'ubuntu, nta mahera basabwa – kandi nta karata yo kwa muganga ikenewe.

Haracariho urugendo rurerure kugira ngo dutsinde COVID-19, kandi ubu si co gihe c'ukwisinzirira. Ahubwo musabwe kubandanya muhana intambwe hagati y'umuntu n'uwundi hamwe no kugira isuku. Kandi vyongeye musabwe kuguma mu muhira igihe mwumvise mutamerewe neza, mwumvise murwaye.

Umuforomokazi mukuru wo muri Reta ya Australia akaba n'umukozi w'umwakirizi, Alison McMillan